








EVITE PWOPAJE COVID-19 EPI PWOTEJE TET OU AK LOT MOUN




Pratike Distans Sosyal

- Rete lakay ou otan ke ou pabak
- Pa pran lari ant 9 è nan aswè ak 6 è nan maten, eksepte si ou se yon travayè esansyèl
- Toujou kanpe 6 pye a distans ant ou menm ak lòt moun
- Pa rasanble nan gwoup de 10 oswa plis moun
- Pa ale nan randevou ki pa nesesè



Pratike Bon Ijyèn

- Lave men'w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn
- Evite manyen zye'w, nen'w ak bouch ou
- Kouvri touse ou epi etènye nan napkinn, jete napkinn nan nan fatra epi lave men'w. Ou ka touse oswa etènye anndan koud bra'w tou.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas moun manyen souvan



Kouvri Figi'w

- Kouvri figi'w (mete mask) lè'w ap soti nan lari.
- Si ou malad, kouvri figi'w (mete mask) menm andedan lakay ou, si ou konnen ou pap ka rete 6 pye a distans de lòt moun
- Si ou malad epi ou bezwen kite kay ou, tankou pou'w al pran swen medikal an ijans, toujou kouvri figi'w (mete mask)

Pratike distans sosyal pou'n ralanti pwopagasyon
COVID-19 epi pou'n sove lavi. www.bphc.org